

## BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung pedaran dina bab IV, hasil panalungtikan bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh nulis révéni pilem pondok siswa kelas XII MIPA 7 SMA Negeri 15 Bandung saméméh ngagunakeun modél *Group Investigation* kagolong can tuntas kalayan rata-rata peunteunna nyaéta (50,4) tina KKM 78, hartina di handap KKM. Tina 30 siswa ngan aya 3 siswa (10%) sésana 27 siswa (90%) can ngahontal KKM. Ieu dumasar kana skor aspék nulis révéni pilem pondok nyaéta eusi, struktur téks, kaédah kabasaan, jeung mékanik. Kamampuh nulis révéni dina aspék eusi kagolong handap rata-rata skorna (2,47) tina skor maksimum (4,00), dina aspék struktur téks kagolong handap rata-rata skorna (1,53) tina skor maksimumna (4,00), dina aspék kaédah kabasaan kagolong handap rata-rata skorna (1,8) tina skor maksimumna (4,00), jeung aspék mékanik kagolong handap rata-rata skorna (1,83) tina skor maksimumna (4,00). Katitén tina opat aspék siswa kagolong can tuntas dina sakabéh aspék.
- 2) Kamampuh nulis révéni pilem pondok sanggeus ngagunakeun modél *Group Investigation* kagolong tuntas kalayan rata-rata peunteunna (82,23) tina KKM 78, hartina geus leuwih ti KKM. Tina 30 siswa 27 (90%) geus ngahontal KKM, jeung 3 siswa (10%) can ngahontal KKM. Ieu hal dumasar kana skor aspék nulis révéni pilem pondok nyaéta eusi, struktur téks, kaédah kabasaan, jeung mékanik. Kamampuh nulis révéni dina aspék eusi kagolong alus ku rata-rata skorna (3,1) tina skor maksimumna (4,00), dina aspék struktur téks kagolong alus ku rata-rata skorna (3,93) tina skor maksimumna (4,00), dina aspék kaédah kabasaan kagolong alus ku rata-rata skorna (3,07) tina skor maksimumna (4,00), dina aspék mékanik kagolong alus ku rata-rata skorna (2,97) tina skor maksimumna (4,00). Katitén tina opat aspék siswa kagolong tuntas dina sakabéh aspék.
- 3) Bédana hasil *pre-test* jeung *post-test* antara kamampuh nulis révéni pilem pondok siswa kelas XII MIPA 7 SMA Negeri 15 Bandung saméméh jeung

sanggeus ngagunakeun modél *Group Investigation* téh signifikan. Dumasar hasil *pre-test* kamampuh nulis révéni pilem pondok kagolong can tuntas kalawan skor rata-rata (50,4). Sedengkeun dumasar hasil *post-test* kamampuh nulis révéni pilem pondok kagolong tuntas kalawan skor rata-rata (82,23), 27 tina 30 siswa kagolong tuntas. Dumasar hasil uji statistik nilai signifikansi (Sig. 2-tailed) nyaéta ( $0,000 < 0,05$ ) atawa kurang ti 0,05. Ku kituna,  $H_1$  ditarima atawa  $H_0$  ditolak. Hartina aya béda anu signifikan antara hasil *pre-test* jeung *post-test*. Bisa dicindekkeun ogé yén aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis révéni pilem pondok siswa kelas XII MIPA 7 SMA Negeri 15 Bandung taun ajaran 2021/2022 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Group Investigation*.

- 4) Aspék-aspek anu ngaronjat saméméh jeung sanggeus nganggunakeun modél *Group Investigation* siswa kelas XII MIPA 7 SMA Negeri 15 Bandung dina pangajaran nulis révéni pilem pondok nyaéta sakabéh aspék ngaronjat. Dina aspék eusi skor rata-ratana (2,47) jadi (3,1) tina skor maksimumna (4,00) aya karonjatan (0,63), dina aspék struktur téks skor rata-ratana (1,53) jadi (3,93) tina skor maksimumna (4,00) aya karonjatan aya karonjatan (2,4), dina aspék kaédah kabasaan skor rata-ratana (1,8) jadi (3,07) tina skor maksimumna (4,00) aya karonjatan (1,27), jeung aspék mékanik skor rata-ratana (1,83) jadi (2,97) tina skor maksimumna (4,00) aya karonjatan (1,14).

## 5.2 Implikasi

Modél *Group Investigation* dina kamampuh nulis révéni pilem pondok. Larapna modél *Group Investigation* miboga implikasi yén ieu modél bisa ditarima ku siswa. Nalika prak-prakanana ieu modél ngirut siswa jadi leuwih aktif. Ieu modél ogé bisa numuwuhkeun daya inget jeung kreativitas, oge mantuan siswa pikeun silih tukeur informasi sarta ngaronjatkeun prosés sosial siswa. Kakurangan nalika ngalarapkeun ieu modél nyaéta waktu nu kawatesanan ngabalukarkeun siswa jadi kabuburu nalika ngerjakeunna.

### 5.3 Rékoméndasi

Sanggeus ngayakeun panalungtikan ngeunaan modél *Group Investigation* dina nulis résénsi pilem pondok, aya sababaraha rékoméndasi anu patali jeung ieu panalungtikan, nyaéta ieu di handap.

- 1) Dumasar kana hasil panalungtikan yén modél *Group Investigation* bisa dijadikeun alternatif hususna dina pangajaran nulis résénsi pilem pondok, umumna dina pangajaran basa Sunda.
- 2) Dina panalungtikan nulis résénsi pilem pondok ngagunakeun modél *Group Investigation* aya sababaraha hal anu kudu diperhatikeun, diantarana: (1) kudu maham kana léngkah-léngkah modél *Group Investigation*; (2) ngarancang pangajaran kalayan bener jeung *sistematis*; (3) kudu bisa nyiptakeun suasana anu pingiruteun siswa, sarta (4) kudu pinter dina ngokolakeun waktu; jeung
- 3) Ieu panalungtikan ngagunakeun studi kuasi ékspérimén, dipiharep panalungtikan séjén bisa leuwih dijembarkeun deui kana métode anu leuwih jembar, jeung dipiharep bisa leuwih asak tur hadé dina nataharkeun panalungtikan.